



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIT ANPLIS POU TÈS COVID-19 AK POU
VAKSINASYON KOMINOTÈ YO NAN REJYON SID ETA A AP SISPANN
OPERASYON YO AKÒZ TANPÈT IVÈ KI IMINAN AN**

Sit tè s Eta a ap jere nan Glen Island yo nan New Rochelle, Aqueduct Racetrack nan Queens, Bronx Bay Plaza ak Lehman College nan Bronx, Jones Beach ak Stony Brook nan Long Island, nan Seaview Avenue nan Staten Island ak nan Fountain Avenue nan Brooklyn ap sispann operasyon yo dimanche 7 fevriye

Uit (8) sit vaksinasyon kominotè tanporè yo ranvwaye tou jiska pita nan semèn lan

Gouvènè Cuomo te anonse avan sa ke sit vaksinasyon an mas ke Eta a ap jere yo nan Jones Beach ak Stony Brook pral sispann operasyon yo tou dimanch 7 fevriye; Randevou yo repwograme pou semèn ki ap vini an.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sit anplis pou tè s COVID-19 ak pou vaksinasyon yo atravè rejyon sid Eta New York la pral sispann operasyon yo dimanch 7 fevriye a akòz tanpèt ivè ki iminan an. Sa vini apre sispansyon operasyon yo te anonse avan sa nan sit vaksinasyon an mas yo ke Eta a ap jere nan Jones Beach ak Stony Brook. Nouyòkè ki genyen randevou pou tè s oswa pou vaksinasyon nan sit sa yo pral resevwa notifikasyon sou sispansyon sa yo atravè mesaj tèks ak telefòn. Randevou yo pral repwograme pou pita nan semèn sa a.

"Yo prevwa pifò nan Rejyon Sid Eta New York ap eksperimante gwo nèj ak gwo van, sa ki ap kreye posibilite pou kondisyon vwayaj ki danjere dimanch. Kòm nou te fè deja nan plizyè sit vaksinasyon an mas ke Eta a ap jere, nou pral sispann operasyon yo nan sit tè s ak nan vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo pou pwoteje sekirite tout sila yo ki ap travay epi ki gen randevou nan pozisyon sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tout moun ki gen randevou kapab rete asire yo pa pral pèdi plas yo a - tout randevou yo pral repwograme pou pita nan semèn sa a epi tout moun pral resevwa notifikasyon dirèk sou chanjman pwogramasyon sa yo."

Sit Tès COVID-19 Eta a ap Jere yo

Operasyon yo nan sit Tès COVID-19 Eta a ap jere annapre yo pral sispann nan 7 fevriye akòz tanpèt ivè ki iminan an:

- Glen Island nan New Rochelle;

- Aqueduct Racetrack nan Queens;
- Bronx Bay Plaza nan Bronx;
- Lehman College nan Bronx;
- Jones Beach nan Long Island;
- Stony Brook nan Long Island;
- Seaview Avenue nan Staten Island; ak
- Fountain Avenue nan Brooklyn.

Nouyòkè ki gen randevou yo pwograme dimanch 7 fevriye pral resevwa avi sou fèmti a atravè tèks ak telefòn. Randevou yo pral repwograme pou pita nan semèn sa a.

Sit Vaksinasyon Kominotè 'Tanporè' yo

Sèt sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' pral ranvwaye tou akòz tanpèt la epi yo pral repwograme pou pit nan semèn lan. Uit (8) sit sa yo gen ladan:

- Egliz Batis Abyssinian, 132 W 138th New York, NY 10030
- BronxWorks, 1130 Grand Concourse, BX, 10456
- Mt. Carmel Baptist Church (Legliz Baptis Mon Kamèl), 1376 Prospect Ave, Bronx, NY 10459
- Castle Hill Houses, 625 Castle Hill Ave, The Bronx, NY 10473
- Marble Hill Houses, 5365 Broadway, Bronx, NY 10463
- First Baptist Church of Corona (Premye Legliz Batis Corona), 100-10 Astoria Blvd., East Elmhurst, NY 11369
- United Revival Mennonite Church (Legliz Menonit Renouvo Ini), 390 Melrose St, Brooklyn, NY 11237

Randevou nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo pwograme dirèkteman avèk sit òganizatè a oswa founisè patenè Swen Kominotè SOMOS (SOMOS Community Care) ak Northwell Health. Antite sa yo ap notyfyè Nouyòkè ki gen randevou yo pwograme dimanch 7 fevriye a sou repò sa yo ak nouvo dat operasyon yo atravè mesaj tèks ak telefòn.

Anplis de sa, sit la nan Sant Kiltirèl Kretyen (Christian Cultural Center) an ap anile operasyon yo dimanch paske yo te kapab pwolonje èdtan yo epi reponn ak tout randevou yo samdi a.

Sit Vaksinasyon an Mas Eta a ap Jere yo

Jan Gouvènè Cuomo te anonse avan sa, sit vaksinasyon an mas Eta a ap jere yo nan Jones Beach ak Stony Brook nan Long Island pral sispann operasyon yo tou dimanch 7 fevriye, akòz kondisyon meteyowolojik ivè yo. Nouyòkè ki gen randevou nan sit sa yo pral resevwa yon imèl oswa mesaj tèks ki repwograme vaksinasyon yo a pou pi ta nan semèn sa. Nan kad pwosesis repwogramasyon an epi nan limit ki posib, delè nouvo randevou yo ap pwograme nan aliyman ak lè randevou orijinal la. Si nouvo lè randevou sa pa fonksyone pou yon moun akòz chanjman jou a, y ap ba yo yon nimewo kontak pou idantifye yon lè diferan ki ka fonksyone pi byen pou moun nan.

Operasyon yo nan sit vaksinasyon an mas Sant Konte Westchester (Westchester County Center), Estad Yankee (Yankee Stadium), Sant Javits (Javits Center) ak Aqueduct Racetrack yo pral kontinye jan sa pwograme a paske pozisyon sa yo genyen enfrastrikti ak ekipman an plas pou asire Nouyòkè ki gen randevou yo kapap antre ak sòti an tout sekirite nan pozisyon an. Operasyon yo nan rès sit vaksinasyon an mas Eta a ap jere yo nan tout Rejyon Nò New York ap rete tou san yo pa afekte.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)